

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor



SIT ENTÈNÈT KOTE YO AFICHE TRAVAY KI BEZWEN MOUN POU ETA NEW YORK

Yon Resous pou Biznis

KISA SIT ENTÈNÈT KOTE YO AFICHE TRAVAY KI BEZWEN MOUN POU ETA NOUYÒK LA YE?

Sit Entènèt Kote Yo Afiche Travay Ki Bezwen Moun Pou Eta Nouyòk la se sous prensipal Ministè Travay la itilize pou afiche travay ki bezwen moun ak CV moun k ap chèche travay. Li gen ladan plis pase 130,000 travay yo afiche ki kouvri yon gwo pati nan endistri yo.

POUKISA MWEN TA DWE AFICHE TRAVAY MWEN GENYEN KI DISPONIB LA?

Men ki avantaj w ap jwenn lè w mete anons travay ou genyen ki disponib yo sou Sit Entènèt Kote Yo Afiche Travay Ki Bezwen Moun Pou Eta Nouyòk la:

- Ap gen plis moun k ap entèrese ak pòs w ap chèche moun pou yo a
- L ap pi fasil pou w jwenn "Moun Ki Kalifye" ou t a ka chwazi pou pòs ou bezwen moun pou yo a
- Opsyon pou chèche CV plizyè milye moun k ap chèche travay

KIJAN POU M AFICHE YON TRAVAY?

Men ki opsyon ou genyen pou w afiche travay ou genyen ki disponib yo sou Sit Entènèt Kote Yo Afiche Travay Ki Bezwen Moun Pou Eta Nouyòk la:

ENDEKSAJ

Opsyon gratis sa a pèmèt travay ki afiche sou sit entènèt konpayi w la monte otomatikman sou Sit Entènèt Kote Yo Afiche Travay Ki Bezwen Moun Pou Eta Nouyòk la, chak jou: Annik ajoute, chanje oswa fèmen pòs travay sou pwòp sit ou a - ak enfòmasyon yo dènye nouèl sou Job Bank chak swa. Pou w enskri, jis ranpli yon demann pou yo ajoute w sou Sit Entènèt Kote Yo Afiche Travay Ki Bezwen Moun Pou Eta Nouyòk la sou MyJobs.ny.gov.

AFICHE POUKONT OU

Kreye yon kont sou Sit Entènèt Kote Yo Afiche Travay Ki Bezwen Moun Pou Eta Nouyòk epi afiche pwòp travay ou genyen ki disponib ou yo. Sèvis gratis sa a pèmèt ou jere travay ou gen ki disponib yo nan pwosesis rekritman an. Anrejistre kounye a nan MyJobs.ny.gov.

AFICHAJ ANPLWAYE ASISTE

Voye yon Imel, faks oswa rele pou w bay travay ou gen ki disponib yo nan Ministè Travay epi anplwaye yo ap afiche enfòmasyon an pou ou.

Si w gen nenpòt pwoblèm pou w afiche travay ou gen ki disponib yo, oswa ou bezwen plis èd, tanpri voye yon imel bay Depatman Travay sou nysjobbank@labor.ny.gov oswa rele **1-888-4-NYSDOL**.

KORESPONN KONPETANS AK REFERANS TEKNOLOJI — NY TALENT

NY Talent se yon zouti ki ede biznis jwenn kandida ki pi kalifye pou travay ki disponib yo. Li ofri yon zouti pou travay ou genyen ki disponib yo ak posibilite pou chèche CV. Sistèm nan itilize teknoloji entelijans atifisyèl pou analize travay ki disponib yo ak CV lè l sèvi avèk konpetans ki koresponn, olye pou l ta sèvi ak mo kle.

KONTAK

Anplwaye Sèvis Biznis nou yo ka reponn kesyon w yo sou zouti sa yo, epi ede w avèk tout bezwen rekritman w yo. Pou jwenn yon manm nan ekip nou an, oswa jwenn yon biwo ki tou pre w, ale sou sit entènèt nou an www.labor.ny.gov oswa rele **1-888-469-7365**.